



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MEZI K AP PRAN POU PWOTEJE DWA CIVIL YO EPI KONBAT KRIM LAHÈN

***Anons sa te fèt pandan Diskou Gouvènè Cuomo te bay nan
[Legliz Batis Abisen an \(Abyssinian Baptist Church\)](#)***

***Inite Lapolis Eta New York la pral Konsantre yo sou fè Ankèt sou
Rapò Krim Lahèn yo***

***Lejislasyon an pral Agrandi Pwoteksyon Lwa Dwa Imen yo (Human Rights Law)
nan Tout Lekòl Piblik Atravè Tout Eta***

***Nouvo Fon Piblik/Prive pou Defans Jiridik la pral asire Tout Imigran
Gen Aksè a Repezantasyon Lè yo Lajistis***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plizyè mezi l ap pran pou pwoteje dwa sivil ak konbat krim lahèn nan New York, ki gen ladan kreyasyon yon Inite nan Lapolis Eta a pou fè ankèt sou rapò krim lahèn yo, yon agrandisman lwa dwa imen eta a pou pwoteje tout etidyan, epi li mete sou pye yon nouvo fon pou defans jiridik ijan pou imigran yo. Gouvènè Cuomo ekspoze plan daksyon ki gen twa pati sa a pandan diskou l te bay nan kongregasyon Legliz Batis Abisen (Abyssinian Baptist Church) New York City lan, sou klima aprè eleksyon an, ak rapò sou diskriminasyon, menas akoz prejije, asèlman ak vyolans ki yon ti jan elve toupatou atravè eta a.

Gouvènè Cuomo te di: “New York se yon kote akspetans ak enklizyon renye, epi se yon bastyon espwa pou tout moun, l ap toujou rete konsa. Nou p ap janm pèmèt lakrent ak entolerans dechire zantray sa nou ye menm - Nouyòkè pi solid pase sa a, epi nou miyò pase sa a. Avèk aksyon desiziv sa yo, nou di tout moun kelkeswa kote yo soti ak kwayans yo: New York se lakay ak refij ou, epi nou pral fè tout sa nou kapab pou nou kenbe ou an sekirite.”

Inite Kont Krim Lahèn Lapolis Eta

Gouvènè Cuomo te pase lòd pou Lapolis Eta kreye yon nouvo Inite kont Krim Lahèn (Hate Crimes Unit) pou yo mennen ankèt epi ofri asistans bay lòt ajans fòs lapolis k ap fè ankèt sou krim lahèn potansyèl yo. Inite a pral gen ladan anketè ki soti toupatou atravè eta a ki te resevwa fòmasyon epi ki se espesyalis nan krim prejije epi li pral kowòdone ak Pwokirè Distri lokal yo pou founi sipò nesèsè pandan pouswit jidisyè

pwosè krim lahèn yo. Kèk nan anketè sa yo te deja ap fè ankèt sou krim lahèn potansyèl ki te fèt nan jou ki sot pase yo ki gen ladan yo swastika yo te jwenn nan plizyè lokalite nan Eta a.

Agrandisman Lwa Dwa Imen New York la pou Pwoteje Tout Etidyan

Dezyèm pyès nan efè sa a se pou l fè vanse lejislasyon ki agrandi pwoteksyon lwa Dwa Imen New York la (New York State's Human Rights law) pou tout etidyan atravè tout eta a. Daprè lalwa ki an plas kounye a, sèlman etidyan lekòl prive yo lwa sou Dwa Imen an pwoteje, ki vle di si yo diskrimine kont yon etidyan nan yon lekòl piblik, etidyan sa a pap ka fè pwosè kont diskriminasyon sa a.

Aprè desizyon Kou Dapèl Eta New York la (New York State Court of Appeals) te pran an 2012 la ki te dekrete lekòl piblik pa satisfè definisyon "sosyete oswa asosyasyon edikasyon" an, Divizyon Eta pou Dwa Imen an (Division of Human Rights, DHR) pèdi kapasite pou fè ankèt sou rapò entimidasyon, asèlman, oswa lòt diskriminasyon etidyan lekòl piblik yo konn ap fè yo. Yo te pran desizyon sa a malgre Divizyon an gen jiridiksyon sou lekòl piblik yo pou plis pase twa deseni epi sa a te fòse yo rejte plis pase 70 ka ouvè yo te depoze kont lekòl piblik yo nan lè sa a.

Premye Fon nan Peyi a pou Defans Jiridik pou Imigran (First-in-the-Nation Immigrant Legal Defense Fund)

Dènye eleman nan plan daksyon Gouvènè Cuomo a se pou l mete sou pye premye fon piblik/prive pou defans jiridik nan peyi a pou asire tout imigran, kelkeswa estati yo, gen aksè a reprezantasyon lè yo lajistis. Biwo Eta pou Nouvo Ameriken yo (State's Office for New Americans) pral jere inisyativ sa a, epi yo ap jere l an patenarya ak gwo inivèsite yo, ansanm ak kabinè avoka, asosyasyon jiridik a òganzasyon defans yo.

Nou ankouraje Nouyokè ki fè eksperyans prejije oswa diskriminasyon yo rele nan [liy ijans gratis](#) Divizyon Dwa Imen an nan (888) 392-3644 soti 9 è a.m. rive 5 è p.m. soti lendi rive vandredi. Si w vle rapòte yon krim oubyen krent pou sekirite w, rele 911 imedyatman.

Si w te viktim yon krim, ou ka kontakte Biwo Eta New York pou Sèvis Viktim (New York State Office of Victim Services, OVS) ki finanse 223 pwogram nan tout eta a ki bay sèvis dirèk tankou entèvansyon ak oryantasyon pou viktim krim, ki gen ladan l krim lahèn. Pwogram sa yo ka ede nenpòt viktim krim tou pou yo aplike pou dedomajman ak lòt èd nan ajans lan, ki se yon rezo sekirite pou tout moun ki pa gen lòt resous. Moun k ap chache èd nan men Biwo Sèvis Viktim (OVS) yo ka chache founisè sèvis sou entènèt nan: <https://ovs.ny.gov/locate-program>. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: www.ovs.ny.gov.

Konfòmman ak lwa eta a, yon moun komèt yon krim lahèn lè li poze yon zak, pami yon seri zak byen espesifik, ki vize viktim lan akòz yon pèsèpsyon oubyen yon kwayans sou ras, koulè, peyi orijin, zansèt, sèks, relijyon, pratik relijyon, laj, andikap oswa oryantasyon seksyèl li, oubyen lè zak ki poze a se rezilta jan de pèsèpsyon oubyen kwayans sa a. Yo ka poze krim lahèn kont yon moun oubyen kont yon gwoup moun

oubyen kont pwopriyete prive oswa piblik. Epitou, dapre lalwa, li ilegal pou fè diskriminasyon sou baz ras, peyi orijin, relijyon, etnisite oswa plizyè lòt klasifikasyon ki pwoteje yo.

New York gen distenksyon fyè antanke premye eta nan peyi a ki adopte yon Lwa sou Dwa Imen (Human Rights Law) ki bay chak sitwayen “yon menm opòtinite egal pou yo jwi yon lavi konplè ak pwodiktif.” Divizyon Dwa Imen Eta New York la (New York State Division of Human Rights) se ajans ki anchaj pou aplike lwa sa a, ki entèdi diskriminasyon nan travay, lojman, akomodasyon, kredi, ansanm avèk lòt jiridiksyon, ki baze sou laj, ras, peyi orijin, sèks, oryantasyon seksyèl, eta sivil, andikap, estati militè, ansanm avèk lòt klas presi yo. Pou plis enfòmasyon sou Lwa sou Dwa Imen ak travay ajans lan, vizite sit entènèt Divizyon Dwa Imen an nan www.dhr.ny.gov.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418